*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№163 (26615)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 8 сентябрь – рухæны мæйы 8 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 ÆМБЫРД *Зымæгмæ – цæттæ*
3 НОМАРÆН *Хуымæтæг, æнæхин, æргомзæрдæ*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Футбол*

**Хицауадæй**

## Терроризмы тыххæй мæнг хъусынгæнинæгтæ сбирæ сты

**РЦИ-Аланийы Хицауады радон æрвылкъуырион аппаратон æмбырд амыдта республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО. Архайдтой дзы министрадтæ æмæ ведомствæты разамонджытæ, районты сæргълæуджытæ. Ныхас дзы цыд социалон-экономикон цардимæ баст фарстатыл.**



Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** фехъусын кодта республикæйы оперативон уавæр:

– Ивгъуыд къуырийы дæргъы республикæйы æвирхъау цаутæ не 'рцыд. Фондз районы, 32 хъæуы дарддæр дæр тæссаг у зынгсирвæзтытæй. 31 августæй 6 сентябрмæ ахуыссын кæнын бантыст 32 зынгсирвæзты. Хъыгдард дзы ничи баййæфта. Регионы сæрмагонд службæтæ архайынц бæрзонд цæттæдзинады уавæрты. Цæгат Ирыстоны автоинспекцийы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, республикæйы фæндæгтыл æрцыд 83 фæндаггон фыдбылызы. Хъыгдард баййæфтой 22 адæймаджы. Дыууæ адæймаджы фæмард сты. Арвыком æмæ Транскамы фæндæгтæ гом сты автотранспорты æппæт хуызтæн дæр. Республикæйы фæндæгтыл электронон рады æнхъæлмæ кæсынц 79 машинæйы. Уæрæсейы Федераци æмæ Гуырдзыстоны 'хсæн арæныл уæлдæр амынд рæстæгмæ дыууæрдæм ахызтысты 27460 автотранспортон иуæджы æмæ 81305 адæймаджы.

Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады регионалон управленийы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, республикæйы ахуыссын кæнын бантыст 32 зынгсирвæзты. Уыдонæй 19 – хус кæрдæг, 5 – быронддæттæ, 2 – арæзтæдтæ æмæ автотранспорты 4 иуæджы. Хус кæрдæгыл арт кæй бандзæрстой, уый тыххæй цыппар адæймаджы дзуапп ратдзысты закъоны раз. Сæ иумæйаг ивар та у 160 мин сомы.

Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, 31 августæй 6 сентябрмæ регионы æрцыд 113 фыдракæнды. Раргом кæнын дзы бантыст 69. Къуырийы дæргъы республикæйы ахуырадон æмæ æнæниздзинад хъахъхъæнынадыуыцы хъусынгæнинæгтæ мæнг кæй уыдысты, уый.

Республикæйы Сæргълæууæг æппæт бæрнон кусджытæн дæр бафæдзæхста – ахæм хъусынгæнинæгты фæдыл барадхъахъхъæнæг оргæнтæм афойнадыл хъусын кæнын.

– Терроризмы тыххæй мæнг хъусынгæнинæгты нымæц сбирæ. Хатгай ахæм хъусынгæнинаг кæмæ 'рбацæуы, уый йæ афоныл нæ фены. Скъолаты директортæ, администрациты сæргълæуджытæ æмæ иннæ бæрнон кусджытæ хъуамæ æдзух дæр сæ телефонтæм кæсой æмæ ахæм хъусынгæнинæгты тыххæй рæстæгыл хабар хæццæ кæной барад хъахъхъæнæг оргæнтæм, цæмæй уыдон хъæугæ мадзæлттæ аразой, – загъта Сергей Меняйло.

«Роспотребнадзор»-ы регионалон хайад фехъусын кодта, республикæйы эпидемиологион уавæр нывыл кæй у, уый. Ивгъуыд къуыри ног коронавирусон инфекци разынд цыппар адæймагмæ.

РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** радзырдта, республикæйы æппæт астæуккаг скъолаты дæр хъарм хæринаджы фарста лыггонд кæй æрцыд, уый. Ног ахуыргæнæн чингуытæ уæрст цæуынц скъолатыл, уыдонимæ æрвыст æрцæудзысты Кæсæг-Балхъары æмæ Хъæрæсе-Черкесы цы ирон хъæеутæ ис, уырдæм дæр.

РЦИ-Аланийы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министр **Хъараты Тимур** фехъусын кодта, «Лукойл»-мæ йæхи бензин кæй нæй, уымæ гæсгæ разы у, цæмæй йын йæ инфраструктурæйæ пайда кæной.

Сергей Меняйло Хъараты Тимурæн бафæдзæхста, цæмæй артаджы æргътæм карздæр цæст дарой. Ноджы ма бадомдта бирæфатерон хæдзæртты ныккæндтæм базилын, цæмæй æмбæлгæ уагыл уой.

Министр ма фæбæрæг кодта, зымæджы хъармгæнæн рæстæгмæ 91 проценты бæрц цæттæ кæй сты, уый.

Æмбырды ныхас цыд æндæр ахсджиаг фарстатыл дæр.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Æмбырд**

## Куыстдæттæг центрты рацарæзт

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар Дзанайты Барис сарæзта æмбырд нæ республикæйы куыстдæттæг центрты модернизацийы фæдыл. Архайдтой дзы подрядон организацитæ æмæ æххæстгæнæг оргæнты разамонджытæ.**

**Ацы аз Цæгат Ирыстоны национ проект «Кадртæ»-йы бындурыл фæнд кæнынц куыстдæттæг центрты модернизаци 10 объекты. Ног нысантæн æхцайы фæрæзтæ дихгонд æрцæудзæн 300 милуан сомы. Объектты ногдæр хуызы фæрцы гæнæн уыдзæн нырыккон технологитæ æмæ механизмтæй пайдагæнгæйæ куыстдæттæг æмæ куыстагурджытæн ногдæр уавæрты лæггæдтæ райсынæн.**





**РЦИ-Аланийы Куыстдæттæг центры комитеты сæргълæууæг Анжела Эммануилиди куыд радзырдта, афтæмæй бындурон цалцæгимæ иумæ æлхæд цæуынц æнæмæнгхъæугæ ифтонггæрзтæ æмæ дзаума. Дзанайты Барис бахæс кодта, хъуыддагмæ бæлвырд цæстдард куыд цæуа.**

**– Ног цалцæггонд центрты нæ республикæйы цæрджытæн фадат уыдзæн æппæт паддзахадон лæггæдтæ дæр бæрзонддæр æмвæзадыл райсынæн. Системæйы модернизацигонд бындурыл куыстæн стыр ахадындзинад уыдзæн куыстдæттæг æмæ куыстагурджыты домæнтæ æххæст кæныны фарстаты. Нæ республикæйы цæрджытæн куыстытæ ссарыны тыххæй, хъæугæ уавæртæ саразын нæ архайды нысантæй иу у – уый уыд Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы бардзырд. Уымæ гæсгæ, курын стыр бæрнонæй ацы фарстайы нысантæ сæххæст кæнын, – загъта Дзанайты Барис.**

***САУТÆТЫ Тамилæ***

**Ахуырад**

## Дзæуджыхъæуы 30-æм скъолайы ахуыргæнæг – физикты Æппæтуæрæсеон съезды архайæг

**2026 азы 27-28 августы Федералон территори «Сириус»-ы уыд физикæйы ахуыргæнджыты 5 Æппæтуæрæсеон съезд,уым архайдта Дзæуджыхъæуы 30-æм скъолайы физикæйы фахуыргæнæг Светлана ЧЕРНЫХ.**




Уæрæсейы Федерацийы Рухсады министрад, Уæрæсейы Федерацийы Уæлдæр ахуырад æмæ наукæйы министрад æмæ Ахуырад æмæ наукæйы къабазмæ цæстдарæг федералон службæйы æххуысæй съезд саразынил бацархайдтой Мæскуыйы физикон-техникон институт, Ахуырадон центр «Сириус», М.В. Ломоносовы номыл Мæскуыйы паддзахадон университет, Ядерон иртасæнты национ университет «МИФИ», Наукон иртасæнты центр «Курчатовы институт», Наукон-техникон университет «Сириус». Съезды куысты архайдтой 1300 минæвары, уыдонимæ 350 ахуыргæнæг æмæ эксперты Уæрæсейы Федерацийы 65 субъектæй.

Съезды архайджытæн арфæйы ныхæстæ загътой: Федералон территории «Сириус»-ы Советы Сæрдар, Ахуырадон Фонд «Талант и успех»-ы разамонæг Е.В. Шмелева, Уæрæсейы Федерацийы Рухсады министр С.С. Кравцов, «Рособрнадзор»-ы разамонæг А.А. Музаев, Уæрæсейы Федерацийы Уæлдæр ахуырад æмæ наукæйы министры хæдивæг Д.В. Афанасьев, Мæскуыйы физикон-техникон институты ректор Д.В. Ливанов, Ядерон иртасæнты национ университет «МИФИ»-йы ректор В.И. Шевченко.

Съезды архайджытæ байхъуыстой: Уæрæсейы наукæты академийы уæнг-корреспондент, Курчатовы институты президент М.В. Ковальчук; Мæскуыйы физикон-техникон институты ректор Д.В. Ливанов; дунеон æхсæнхицауадты наукон-иртасæн организаци Ядерон иртасæнты иугонд институты директор, Уæрæсейы наукæты академийы академик Г.В. Трубников æмæ проект «Физика для всех»-ы наукон разамонæг И.В. Ященкойы мидисджын пленарон докладтæм.

Съезды ма раныхас кодтой скъолаты ахуыргæнæн ног чингуыты автортæ Ю.А. Панебратцев æмæ А.А. Киреев,стæй скъолаты физикæ ахуыргæнæн къамисты разамонджытæ.

Съезды дыууæ пленарон æмæ фондз секцион æмбырдты йæ архайджытæ байхъуыстой 50 доклад æмæ хъусынгæнинагæй фылдæрмæ.

Съезды архайджытæ æрныхас кодтой скъолайы физикæ ахуыр кæнынимæ баст бирæ æнæлыггонд фарстатыл æмæ снысан кодтой мадзæлттæ сæ аиуварс кæнынæн.

**Æрмæг бацæттæ кодта КАСАТЫ Батрадз**

**Архайд**

## Ныккæндтæн уыдзæн бæрнонтæ

**Куыд рабæрæг, афтæмæй бирæфатерон хæдзæртты ныккæндты æмбæлгæ уагыл дарыны тыххæй бæрæггонд æрцæудзысты сæ цæрджытæ. Уыдонмæ 'фснайдæй уыдзæн ныккæнды дæгъæл, цæрджытæй, специалисттæй искæй бахъуыд, зæгъгæ, уæд æй уыдонæй исдзысты.**

Амæй размæ РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** разамынддæттæг организацитæ æмæ районты администрацитæ, стæй Дзæуджыхъæуы хицауады цур сæвæрдта уазæлттæм цæттæ кæныны афонмæ бирæфатерон хæдзæртты ныккæндтæ банывыл кæныны хæс, хъуамæ нормативтæн дзуапп дæттой. Ацы фæдзæхстмæ цæст æппынæдзух дары Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрад.

Нырмæ кæй уавæр равзæрстой, уыцы 774 ныккæнды сты æмбæлгæ уагыл. Министрады цæрæнуæттæм цæстдарды хайады разамонæг **Илона Лукожева** куыд радзырдта, афтæмæй компани «Жилком»-мæ хауынц 35 бирæфатерон хæдзары, фæлæ раздæр министрады хайад рахаста амынддзинад, цæмæй 10 хæдзары ныккæндтæм базилой. «Ныртæккæ ныккæндты техникон уавæр банымайæн ис хорзыл. Ссыгъдæг сæ кодтой бырæттæй, фæзынд сæ рухс, инженерон коммуникацитæ сты нывыл уагыл. Ныккæндтæ сæхгæдтой дæгъæлтæй, раттой сæ разамынддæттæг организацитæ æмæ дзуапдæттæг адæймæгтæм», – загъта Илона Лукожева.

**Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрады пресс-службæ**

## Дзырды фарн

***Зонд агургæйæ дæр нæу æмæ кургæйæ дæр.***

*ÆМБИСОНД*

Хъуыддаджы балц

# «Зæдты горæт» бабæрæг кодтой

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей Меняйлойæн уыд хъуыддаджы фембæлд Бетъырбухы губернатор Александр Бегловимæ.**

**Нæ республикæмæ балцы рæстæг губернатор Беслæны номарæн уæлмæрдтæ «Зæдты горæт» æмæ 1-æм скъолайы спортзалы сæвæрдта дидинджытæ, 2004 азы 1-3 сентябры арæзт террористон фыдракæнды амæттæгты рухс нæмттæ ссардта.**

**2007 аз Уæрæсейы сгуыхт ахуыргæнæг Гуыриаты Надеждæ бындур кæмæн сæвæрдта, скъолайы уыцы музей бабæрæг кодтой. Террористон фыдракæнды номарæн залæй фæстæмæ ам ис Фыдыбæстæйы Стыр хæсты, Уæрæсейы Хъæбатыр Андрей Днепровскийы номыл денджызон фистæгæфсæддонты æмæ Тырысаты залтæ. Ирыстонмæ балцы кæрон бетъырбухаг губернатор бабæрæг кодта Алагиры Чырыстийы фæзынды сылгоймæгты моладзандон дæр.**

**Нæ уацхæссæг**



Æмбырд

# Зымæгмæ – цæттæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисы разамындæй цы æмбырд уыд, уым ныхас цыдис артаг, энергетикæ æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады объекттæ зымæгмæ куыд цæттæ сты, уыцы фарстатыл.**

Æмбырды архайдтой профилон министрадтæ, ведомствæтæ æмæ цæстдарæн структурæты æмæ муниципалон скондты разамонджытæ. РЦИ-Аланийы артаг, энергетикæ æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министр **Хъараты Тимуры** бæрæггæнæнтæм гæсгæ, зымæгмæ хъармгæнæн системæты цæттæдзинады æмвæзад схызт 85 процентмæ. Амынд фæткмæ гæсгæ, ацы куыстæн æхцайы фæрæзтæ дихгонд æрцыд 700 милуан сомы. Æппæт фæрæзтæ дæр æрвыст æрцыдысты цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады объекты цæттæдзинадæн, стæй фæндæгтæ æмæ къахвæндæгты цалцæгæн. Цæстдарæн ведомствæты специалисттæ сбæрæг кодтой минæй уæлæмæ бирæфатерон хæдзæрттæ æмæ 140 хъармгæнæны.

Нæ республикæйы доны куыстуаты разамынды хъусынгæнинагмæ гæсгæ, Цæгат Ирыстоны территорийы социалон ахадындзинад кæмæн ис, уыцы объекттæ фæззæджы æмæ зымæджы афонтæм цæттæ сты. Дзанайты Барис уæлдæр амынд хæдзарады архайды куыст банымадта æнтыстджыныл æмæ сын бахæс кодта, графикмæ гæсгæ, дарддæр хъармгæнæн рæстæгмæ хæрзхъæд æмæ æнæкъуылымпы архайд æххæст кæнын .

– Фæззыгон-зымæгон афонтæм хъармгæнæн системæйы куыст нæ республикæйы абон йæ тæккæ цырены ис. Сæйраг хæс у, æппæт нысантæ дæр афойнадыл сæххæст кæнын. Ацы фарстайы вазыгджындзинадмæ йе 'ргом нæ республикæйы Сæргълæу-уæг Сергей Меняйло иу æмæ дыууæ хатты нæ аздæхта. Æхцайы фæрæзтæ та æрвыст цæуынц куыстыты æппæт хъуыддæгтæ сæххæст кæнынæн. Ивгъуыд азы хъармгæнæн афонмæ цæттæдзинадæн æнтыстджын бæрæггæнæнтæ уыд. Ныр дæр куыстытæ хъуамæ æххæст кæнæм иумæ «Ростехнадзор», «Россети», «Газпром» æмæ разамынддæттæг компанитимæ. Профилон службæтæ та рæвдз сты бахъуаджы сахат цырд куыстмæ. Субъекты архайы оперативон штаб, цæмæй, алыхуызон сæвзæрæг фарстатæ лыг кæнынмæ уайтагъд цæттæ уой. Нæ кæронбæттæн хæс – цæрджытæн хæрзхъæд æмæ хæрзвадат уавæртæ аразын, – загъта Дзанайы-фырт.





**САУТÆТЫ Тамилæ**




Архайд

# Леонид Григорьевы лекци

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты байхъуыстой профессор, Экономикæйы уæлдæр скъолайы Дунеон экономикæйы æмæ дунеон политикæйы департаменты наукон разамонæг Леонид ГРИГОРЬЕВЫ гом лекцимæ.**

Æхсызгонæй йæм æрбацыдысты Экономикон æмæ Адæмты 'хсæн ахастдзинæдты факультетты ахуыргæнджытæ æмæ студенттæ. Егъау экономикон хъуыддæгтæ куыд цæуынц, уый раиртасын кæй бон у, уыцы номдзыд лекторы лекци æрæмбырд кодта кад ын кæнджыты. Леонид Григорьев рæгъмæ рахаста сæйрагдæр хатдзæгтæ, ома, нырыккон дуне афтæ вазыгджын æмæ бирæвæрсыг конд у æмæ дзы цы хъуыддæгтæ æрцæуы, уыдон равзарынæн æрмæст экономикон теори фаг нæу.

Егъаудæр зындзинад равзарынæн хъæуы дисциплинæты 'хсæн иумæйаг архайд, уый æрбаиу кæны экономикон, политикон, социалон æмæ экологон мадзæлттæ. Наукæйы ахæм иугонд хъару бæстæйы æмæ регионты æнæмбæрц рæзты ныв æххæстæй фенынæн фадат ратдзæн. «Газетты-телеуынынады нывтæ æмæ чингуытæй ист зонындзинæдты 'хсæн стыр дæрддзæг ис, уымæн æмæ чингуытæ дæттынц, нырмæ цы дуне æххæстæй нал ис, уый, æцæгдзинад та цæстыты цур ивы. Мах не 'мкусджытæ æмæ студенттимæ лæууæм зонындзинæдты арæнты, дунеимæ иумæ змæлæм, пайда кæнæм нырыккон, æцæг стаистикæйæ. Ахæм хъæппæристы руаджы нæ фæнды фæсивæдæн бацамонын цавæр дунейы цæрынц, кæцырдæм цæуынц, уыдæттæ. Мах мидцоппайгæнæг теорийы бæсты æвдисæм йæ рæуджытæй улæфæг экономикæ», – загъта лектор.

Фидæны специалистты рæзты практикон архайдмæ стыр æргом аздæхтой. Экономикон уавæр раиртасыны тыххæй Леонид Григорьев студенттæн ратта амынддзинæдтæ, уыдоны руаджы сæ бон бауыдзæн дунейы нырыккон экономикон уавæр равзарын. Кæронбæттæны студенттæ лектормæ раттой фарстатæ, райстон сын дзуаппытæ.



**ЦИПУ-йы пресс-службæ**

Æхсæнад

# Бынæттон хиуынаффæйады закъон

**Фарон, сентябры, Майрæмададжы цæрджытæ хъæуы администрацийы сæргълæууæгæй равзæрстой хъæппæрисджын лæппу БИТАРТЫ Роберты. Афæдзмæ цы фарстатыл бакуыста, уыдонæй фылдæр та ма аразинаг хъуыддæгтæ сты. Хъæубæсты цæрджытæй бадзытам, сæ фылдæр хай дзы разы кæй сты. Майрæмададжыхъæуккæгтæ йыл кæй æууæндынц, уый йæ разæнгард кæны йæ размæ 'вæрд хæстæ 'ххæст кæнынмæ. Уый та, бæстæйы экономикон уавæр хынцгæйæ, æнцон хъуыддаг нæу.**



– Иу хабар у хъæуы адæмимæ кусын, иннæ та – хицауадимæ кусын. Адæм уый нæ уынынц, стæм бонæй фæстæмæ дзуапп дæттын хъæуы прокуратурæйæн, слестгæнæгæн, иуæн, иннæмæн. Дыууæты 'хсæн æнцон кæй нæ у архайын, уый мæм раздæр нæ зынд, нæ йæ 'мбæрстон. Сæ иутæн æххуыс кæнын хъæуы, иннæтæн – дзуапп дæттын, – зæгъы Роберт, бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæджыты уæхсчытыл æнæ разынгæйæ цы уæз æвæрд ис, уый тыххæй.

Нырма уал æм йæ хæстæ 'ххæст кæныны фæдыл дзырд не 'рхауд, ис æм тых æмæ сæ аразынмæ дæр кæсы бæрнон цæстæй. Тырны йæ хъæуккæгты цардæн хуыздæр уавæртæ скæнынмæ, хъыгæгæн, æппæт дæр æхцаимæ баст у. Уыдон та администрацийæн бюджетæй куы нæ радих кæной, уæд хи хъарутæй сæ сæххæст кæнын зын у. Йæ амондæн ын æххуыс гæнджытæ ис, сæ фæрцы бакуыстой социалон фарстаты кæцыдæр хайыл. Сæ ахсджиагдæртæй иу – фосхизæнтæ хъæдæй ссыгъдæг кæнын æмæ сæ къухы дæр бафтыд. Æхцайæ сæм фæкаст сæ хъæуккаг амалхъом **Дзеранты Сослан**. Зиу ракодтой æмæ фосхизæнтæ сыгъдæггонд æрцыдысты. Æххуысгур кæмæ баулæфы, уыдон йæ фарсмæ æрбалæууынц, сæ фæрцы бакусы лыггæнинаг фарстатыл.

– Мæ сæргъы лæууæг хицауады бафарстон, ивгъуыд аз бынæттон хиуынаффæйады администрацийы фæдыл цы закъон райстой, уый йæ тыхы кæд бацæудзæн æмæ дзы цы ивддзинæдтæ 'рцæудзæн, куыд фæзындзысты уыцы ивддзинæдтæ адæмы цардыл. Бамбарын кодтой, районы администрацийы ном кæй раивдзысты, район нал хуыйндзæн, фæлæ – зылд. Майрæмадагæй уæлдай йæм хаудзысты иннæ хъæутæ дæр. Аив-дзысты хъæуы администрацийы сæргълæууæджы хæстæ дæр, закъон кæронмæ цæттæ нæу, бакусын ма йыл хъæуы. Хъæуыхицауы бартæй дæр цыдæртæ айсдзысты, гæнæн ис, æмæ администраци ахæсдзысты Алагирмæ, мæ кусæн бынат уыдзæн уыцы ран. Хъæубæстæм цы фарстатæ 'взæра, уыдоны фæдыл хъæуты уæрджытæ цæудзысты уырдæм. Рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæ сты уыдон, сфидар сæ кæной æмæ се 'ххæст кæнынмæ рахизой, уый мæ нæ фæнды. Цæрджыты раз куы нæ уай, цæмæй тыхсынц, уыыл дæрддзæгмæ куы архайай, уæд уый куыд раст уыдзæн? – катай кæны Майрæмададжы хъæуы сæргълæууæг.

Нырма ис рæстæг, закъон цы хуызы æххæстгонд цæудзæн, уыыл бакусынмæ. Нырдæгæн уал æхсæнады размæ лæууы, ивддзинæдтæ чи фидар кæндзæн, уыцы депутатты равзарыны фарста. Æвзæрстытæ цæудзысты 18, 19 æмæ 20 сентябры.

**БЕКЪОЙТЫ Ларисæ, авторы ист къам**

Номарæн

# Хуымæтæг, æнæхин, æргомзæрдæ...

## (Дойаты Оледжы райгуырды 75 азы бонмæ)

**Цæгат Ирыстоны телеуынынады рæзтыл, журналистты ног фæлтæр хъомыл кæныныл нæ ауæрста йæхи, бирæ телепроектты автор, республикæйы Культурæйы сгуыхт кусæг, Хуссар Ирыстоны сгуыхт журналист, Хуссар Ирыстоны Хæлардзинады ордены кавалер, Уæрæсейы Журналистты цæдисы уæнг, РЦИ-Аланийы Парламенты информацион-аналитикон управленийы разамонæг Дойаты Олег. Йæ æнæкæрон хъару æмæ зондæй йæ хæлæрттæ, æмкусджытæ æмæ фæдонтæн уыд, абон дæр сыгъдæг хъуыдытимæ кæй мысынц, ахæм адæймаг.**



Уæздандзинады уæлдæр къæпхæныл Леонардо да Винчи нымадта хуымæтæгдзинад, æнæхин æмæ æргомзæрдæйы хицæутты. Æппæт уыдæттæй хайджын уыд Дойаты Олег. Райгуырд Елхоты, бинонтæ сæ фæллад уадзынмæ куы ссыдысты, уыцы рæстæг. Йæ фыд Рамазан æфсæддон уыд, æмæ бинонтæ иу ранæй иннæмæ йемæ цыдысты, службæ кæнынмæ йæ кæдæм æрвыстой, уыцы рæттæм. Йæ ныййарæг Иринæ дохтыр-эпидемиолог уыд, Олегæн та йæ хоимæ сæ сабибонтæ Вильнюсы, Ростовы, бирæ æндæр рæтты цыдысты. Фæлæ каст фæцис Дзæуджыхъæуы 4-æм скъола. Йæ уд, йæ дзæцц – футболæй хъазын, кæд æм Иринæ тынг хæцыд, уæддæр. Нæ йæ фæндыд, йæ хъæбул футболист суа, уый. Хатт-иу лæдзæг дæр райста йæ къухмæ – йæ фырт æгас уæгъд рæстæг дæр æрвыста стадионы. Футбол æмæ чингуытæ – уыдоныл æнувыд уыд лæппу.




Мады та фæндыд, цæмæй йæ хо Бэлæйау Медицинон институтмæ бацæуа скъола каст фæуыны фæстæ. Йæ хорз хæларимæ сæ гæххæттытæ балæвæрдтой, æмбал бахауд, Олег – нæ. Уæдæ, афæдз ма фесæфа, зæгъгæ, кусынмæ бацыд Тельмæны уынджы типографимæ. Бауарзта ацы куыст, чиныгимæ баст уыд, лæппуйæн та уый табуйаг уыд. Уыцы уарзондзинад æй ахуыдта Мæскуыйы Иван Федоровы номыл Мыхуыры паддзахадон университетмæ. Низау ын уыд футболæй хъазын, канд ацы ахуыргæнæндоны футболон командæйы кад нæ хъахъхъæдта, фæхуыдтой йæ иннæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты футболон командæтæ дæр.




Дыккæгæм курсæй ацыд æфсады рæнхъытæм, службæ кодта Ферганайы, десантон æфсæдты. Ныр дæр ма бинонты архивы ис уыцы бынаты ист къам, балæвар ын æй кодта йе 'мслужбæгæнæг, бортмеханик Георгий, иуырдыгæй – йæ хуызист, йæ фæстæ та – йæ къухфыст: «Фæндымæ, цæмæй нæ салдæттæ иууылдæр дæу хуызæн уой, Дойы-фырт», зæгъгæ, ныхæстимæ. Йæ службæ куыд хаста, уый уымæй дæр бæрæг уыд. Æфсадæй куы ссыд, уæд æй йæ ныййарджытæ Мæскуымæ нал ауагътой æмæ уæд ЦИПУ-йы уырыссаг филологийы факультеты йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кодта. Сæ курсы студенттæ æмдзæвгæтæ, кæрæдзиуыл хъæлдзæг рæнхъытæ фыссынмæ дæсны уыдысты, шаржтæ фыстой хъуыстгонд поэтты уацмыстыл. Суанг ма Александр Гончаров, Гæззаты Ларисæ, Æгъуызарты Руслан æмæ иннæты уацмыстæй Гæззаты Ларисæ æмбырдгонд дæр рауагъта. Зæрдæмæ хъаргæ рæнхъытæ дзы ныффыста Олег, уæлдайдæр – йæ фыдыл.

Ахуыры рæстæг кæронмæ æрхæццæ æмæ филфачы рауагъдон бацыд кусынмæ республикон газет «Молодой коммунист»-мæ, уыцы-иу рæстæг æрмæджытæ цæттæ кодта газет «Социалистическая Осетия»-йæн дæр. Куыста дзы Бицъоты Барис, æмæ йæ ныхæстæм гæсгæ, Олег йын раттой, телевизормæ кæсджыты курдиæттæм гæсгæ программæйæн текст ныффыссыны хæс. Йе 'рмдзæф дзы бæрæг дардта, иннæтæй тынг хицæн кодта, студийы сфæлдыстадон кусджытæ уый æнæ бафиппайгæ нæ фесты. Иумæйаг æмбырды дзы алчидæр раппæлыд, уый та йæ куыстмæ тынгдæр сразæнгард кодта.

Уыцы æмбырд абоны хуызæн йæ зæрдыл дары йæ бинойнаг Риммæ, уыцы цауы фæстæ йæ, зæгъы, Æгъуызары-фырт кусынмæ айста «Юность»-ы редакцимæ. Кусын райдыдта Томайты Адæ, Бызыккаты Светæ æмæ Сихъоты Фатимæимæ. Йæ фидæны бинойнагимæ хæстæгдæр ам базонгæ сты, иумæ куыстой равдыст «Осетия спортивная»-йыл, Риммæ уыд равдысты режиссер. Диссаджы адæймæгтæ куыста сæ алыварс: Бесаты Сашæ, Исмель Шаов, арæх сæ бæрæг кодта бирæвæрсыг курдиаты хицау Торчынты Эммæ. Скодта сын-иу æмдзæвгæтæ фылдæр кæсынæй, кæй фыст сты, уыцы авторты рахатыны ерыстæ. Риммæйы фæндыд кинокритик суæвын, фæлæ йын нæ бантыст, йæ ныййарджыты кæмæн ныууагътаид?.. Фæлæ киномæ уарзондзинад йæ уды нæ бамынæг, йæ мад обкомы кусæг уыд, æмæ йын кинонывты æхгæд равдыстытæм уыд фадат цæуын. Уæгъд рæстæг сын-иу куы аззад, уæд кабинеттæй искæцыйы ныхас кодтой сфæлдыстадыл. Афтæ, цадæггай кæрæдзимæ хæстæг кодтой дыууæ æрыгон адæймаджы.

Цавæр уыд бинонты 'хсæн? Сæумæйæ саудалынгтæм уыд йæ куысты, æнафон-иу хæдзармæ бацыд, йе 'хсæвæр – цæттæ, уый фæстæ-иу газеттимæ йæхиуыл дуар бахгæдта, рудзынг-иу байтыгъта, йæ фыды хойы тыххæй ахæм æрмæг ныффыста, æмæ йæ диссагæн хастой. Æгъуызарты Æхсарбег Цæгат Ирыстоны телестудийы сæргъы лæууыд, йæ фырт Русланимæ та хорз хæлæрттæ уыдысты. Студимæ 'рбацæуыгæйæ цæмæй тамакойы фæздæг бинонты ма хъыгдара æмæ-иу фыста фæсахсæвæртæм.

Эфиры ивддзинæдтæ цыд, фæзынд информацион программæ, диктортæ нал уыдысты, фæзынд дзы амонджытæ. Текст кæсынæй уæлдай, цыма адæмимæ ныхас кæныс, афтæ хъуамæ дардтаид йæхи амонæг. Уый та алкæйы къухы не 'фтыд, иутæн уад, иннæтæн – нæ. Уымæ гæсгæ-иу бирæ нæ бафæстиат сты. Эфирæй сæ айсыны фæндон Олегæй кæй нæ цыд, уый сæ иутæ абоны онг дæр нæ зонынц. Информацион программæйы сарæзтимæ уырдæм кусынмæ бацыдысты Толпарты Ларисæ, Люда Карпенко, Алексей Козаков, редактор – Юрий Ясько, афтæмæй. Бирæ барста, эфир-иу зæрдæйы фæндиаг куы рауад, уæдиу дзы æппæт дæр айрох. Кабинеты бадгæйæ дæр, эфирмæ лæмбынæг каст, йæ цæсгом-иу ныррухс, разыйæ-иу куы баззад, уæд. Искæйы æнтыстытыл алчи нæ бацин кæны, Рамазаны фырт уыдонæй нæ уыд. Уарзта эфир, фæлæ аууоны дардта йæхи æдзух, цæстæй-иу æй агуырдтой алы хатт, уымæн æмæ зыдтой, кæмдæр хæстæг лæуд кæй у. Куыд цин кодта чысыл æнтыстыл дæр, йæ редакцийы, фæстæдæр та æгас эфирыл дæр дзуапп куы лæвæрдта, уæд!

Уæлдай зынаргъ ын уыд Хуссар Ирыстон, арæх цыд уырдæм, хæсты бонты дæр, æндæр рæстæг дæр. Иуахæмы сæ къорды зæй æрæййæфта, куыддæртæй хæдтулгæйæ рахызтысты видеокассетæимæ æмæ сæ фазыл фæбырыдысты æдасдæр ранмæ. Хæдзары ницы схъæр кодта, фæстæдæр сын æй радзырдта къорды оператор Дзугаты Юри. Ирон-мæхъæлон быцæуы, Хуссар арты куы сыгъд, уыцы бонты æрмæджытæ истой оператор Битарты Русланимæ. Бинонтæ уымæй базыдтой, æхстыты рæстæг акъоппыты цытæ бавзæрстой, уый. Йæхицæй никуы ницы схауд. Куыд уарзта Хуссар Ирыстоны цæрджыты, йæхи цæуыны сæр куынæуал хъуыд, уæддæр-иу сæм ацыд æххуысмæ. Уыдон дæр æм уыцы зæрдæ дардтой. Парламенты кусгæйæ дæр йæ æрмæджыты архивæй цæстуарзонæй лæвæрдта ног сарæзт телеуынынадæн. Бирæ баххуыс кодта йе 'мкусджытимæ, цæмæй тагъддæр рацæуой эфиры.

Телеуынынады куыст æмбаст у, программæты аразджытæн ахсджиаг уыд йæ хъуыды фехъусын, йæ куысты йын бирæ бантыст ногдзинæдтæ сæххæст кæнын. Хистæртимæ хистæр уыд, кæстæртимæ – кæстæр. Иуахæмы йæ кабинетæй рахызт студент, йæ цæсгом, цымæ йыл хур ракаст, уый æнгæс æмæ уыцы амондджынæй, Олег Рамазаны фырт мын мæ текстæй ницы сраст кодта, зæгъгæ, цингæнгæйæ фæраст. Фæлмæн, фæлæ хъæддых уыд, разæнгард кодта адæймаджы, кæдфæнды æмæ кæмфæнды дæр. Уымæн уыд хæстæг, Парламенты информацион-аналитикон управленийы разамонæг кæй сæргъы лæууыд, уыдонæн.

Куы æррынчын, уæддæр йæ ныфс нæ асаст, æууæндыд, кæй сдзæбæх уыдзæн, ууыл. Мæскуыйы Блохины номыл Наукон медицинон иртæстыты институты дохтыр ма дзы афтæ дæр загъта, хъаст чи кæны, уыдонæй нæу, æцæг лæг у, ахæмты та зындæрæй дзæбæх кæнынц, зæгъгæ... Операцимæ йæ цæттæ кодтой, фæлæ низ тыхджындæр разынд. Сразы Америкаг программæйы архайыныл дæр, иртæстой ног хос, бахаста йæм йæ ныфс. Афæдзы дæргъы Риммæ боныгмæ хаста боны дæргъы йæ уавæры бæрæггæнæнтæ, æрвыста сæ центрмæ, фæлæ йын уыцы хос дæр ницыуал баххуыс. Дохтыртæ йын хъуамæ раттаиккой фыццæгæм къорды инвалиды гæххæтт. Нæ сæ бауагъта, йæ куыст куыд хъуамæ ныууагътаид... Куыстмæ цыд æмæ фæстæмæ здæхт фистæгæй, бинонтæн æй не схъæр кодта, фæлæ иуахæмы фæбырыд æмæ ахауд. Æрмæст æм Æгъуызарты Руслан бæрæггæнæг куы 'рбацыд, уæд уымæй базыдтой хабар. Мæй дæр нал ахаста уый фæстæ...

Йæ бæллиц уыд футболы тыххæй чиныг ныффыссын æмæ йæ ныммыхуыр кæнын. Фыссынмæ йæм бавнæлдта, куы фæрынчын, уæд. Йæ къухфыст фыццагау каллиграфион нал уыд, фæлæ дзы йæхи къухæй чингуытæ сæмбырд кодта æмæ сæ байуæрста. Йæ царды фæстаг бон æм йе 'мбæлттæ æрбамбырд сты, сæ ныхас уыцы чиныджы тыххæй, куыд мидисджын æмæ йæ хорз ныффыста, ууыл. Хъыгагæн, дыууадæс азы рацыд, йæ фæстаг фæндон та нырма æххæстгонд не 'рцыд.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

## Газеткæсджыты сфæлдыстад

**ГОДЖИАТЫ Фиалæ**

### Ирыстон

***Сæрыстыр дæн Ирыстонæй,***
***Цæрæм дзы мах фæрнæй!***
***Дæуæй хуыздæр Фыдыбæстæ***
***Зæххы къорийыл нæй!***

***Зæгъут ма мын, цы ран федтат***
***Уæздан чызджы æнгас?***
***Зæгъут ма мын, цы бæстæйы***
***Фæкæнынц хонгæ кафт?***

***Кæм цæрынц афтæ 'нувыдæй,***
***Кæм ис ирон æгъдау?***
***Кæм фæдзуры чындз сусæгæй,***
***Гыццыл лæппу-лæгау?***

***Кæм хæхты сæрмæ цæргæстæ***
***Кæнынц уæлдæфон кафт,***
***Кæм арф комæй æхсæрдзæнтæ***
***Кæнынц æнусон зард.***

***Кæм уазæг у рæбинагдæр,***
***Фысымтæ та – рæдау,***
***Кæм нарты симды кафгæйæ,***
***Æвдыст цæуы æгъдау.***

***Ныр ацы бирæ фарстатæн***
***Мæнæн мæ дзуапп цæттæ:***
***«Ирыстонæй хуыздæр уæзæг***
***Ды не ссардзынæ, нæ!»***

**КЪУСРАТЫ Беллæ,**
**Даргъ-Къохы астæуккаг скъолайы**
**райдайæн къæлсты ахуыргæнæг**

### Хæсты быдыры чи баззад, уыдоны ном аргæйæ

*Баззад афтидæй йæ мæгуыр мад,*
*Иунæг фырт – йæ ныфс æмæ йæ кад.*
*Уыд æвзонг 'мæ баци уый хæстон,*
*Мадыл бон нытталынг ис бынтон.*

*Бон-изæрмæ 'нхъæлмæ кастис мад:*
*«Мæн æнæ дæу нал хъæуы мæ цард».*
*Дыккаг аз фæндагмæ уый цæуы,*
*Стъалытимæ дзургæйæ, кæуы.*

*Рацæуы та, фæндагмæ кæсы,*
*Уый йæ фырты агуры, мысы.*
*Цæстысыг йæ уадулыл ныххус,*
*Мад йæ фыртæн никуы зæгъдзæн «рухс».*

*Баззад афтидæй йæ мæгуыр мад,*
*Уыд йæ ныфс, йæ цин æмæ йæ кад.*
*Хæсты арты басыгъди йæ уд...*
*Иры адæм, бирæ мын цæрут!*

*Рухсаг ут, нæ Иры зынгхуыст хъæбултæ!*

**ТЕДЕТЫ Альбинæ,**
**43-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ**
**литературæйы ахуыргæнæг**

### Мæ хъæубæстæ

***Мæ уарзон хъæу, мæ Бирæгъзæнг,***
***Цардæн тыхдæттæг бынат***
***Ам, ацы рæсугъд хъæубæсты,***
***Базыдтон цардæн йæ ад.***

***Фæрнджын хистæртæ – стыр хæзна,***
***Тынг фæлмæнæй сæм кæсут***
***Ам къонайы хъарм зæрдæйæн***
***Фарн æмæ амонд дæтты.***

***Куыд адджын у мæ хъæубæстæ,***
***Стыр адæмтæн у сæ фæд.***
***Ам бирæтæн сæ къахвæдтæ***
***Царды æнус фæд кæнынц.***

***Мæ уарзон хъæу, мæ Бирæгъзæнг,***
***Стыр Мамысоны фæлтæр.***
***Ам дыууæ хъæуимæ бабастой***
***Дарддæр сæ царды фæндаг.***

***Фæрнджын фæлтæрæй хайджын уæд***
***Алы хъæубæстæ æнус,***
***Уæ зæрдæйы та алкæмæн***
***Хи къона адджынæн уæд.***

### Æмгарæй амонд

*Уæлладжыры ком, арфæйаг бынæттæ,*
*Ис ацы ран нæ буц къонаты хъарм*
*Æрвылбон тавынц, цард нын рухс кæнынц.*

*Нæ комбæстæ нын уарзон фæд ныууадзы,*
*Ам цард æфтауы уарзт æмæ бæркад.*
*Мах ацы хæзна бирæ азты немæ,*
*Цырагъы рухсау, не уæнгты хæссæм.*

*Æмгарæй амонд диссаджы лæвар у*
*Зæгъæн ис абон, махæн у хæзна.*
*Цы æмгар та æмгары фæд нæ ары,*
*Уый дард фæндагыл иунæгæй цæуы.*

*Мæ хорз æмгæрттæ, бузныг уын, æрвылбон*
*Нæ кæрæдзийæн стыр ныфсытæ стæм*
*Нæ уарзты тынтæ бирæ азты иумæ*
*Зæрин хурау нæ батавæнт фæлмæн...*



Спортивон фидиуæг



Футбол

# Нæ та фæрæстмæ сæ хъазт

**Ивгъуыд хуыцаубоны, Дзæуджыхъæуы «Алани» Уæрæсейы дыккаг къорды футболон чемпионаты, дивизион «Сыгъзæрин»-ы акодта йæ радон 8-æм туры фембæлд.**



«Алани»-йæн йæхи стадионы йæ ныхмæлæууæг уыди Владивостокы командæ «Динамо». Динамовонтæм ацы фембæлды размæ уыди иу очкойæ фылдæр, æмæ турнирон таблицæйы цыдысты «Алани»-йæ иу бынат уæлдæр. Сæ фембæлды чи фæуæлахиз уыдаид, уый, гæнæн уыд, æмæ схызтаид 3-аг бынатмæ. Æвæццæгæн, ахæм нысанæвæрдимæ рацыдысты хъазæн фæзмæ дыууæ командæйы дæр. «Алани»-йы рæнхъыты уыдысты: №1 – Биазырты Давид, №4 – Хъæцмæзты Сослан, №8 – Хуыгаты Алан, №19 – Бутаты Аллон, №7 – Гуырцъыты Батрадз (69' – Махач Абдулхамидов), №10 – Кобесты Давид (69' – Артем Закиров), №14 – Иван Матюшенко, №23 – Виктор Нафиков (69' – Кодзырты Артур), №30 – Саулохты Давид, №75 – Огъуаты Сæрмæт (80' – Гиоты Алан), №76 – Кæркуысты Георги (80' – Рæмонты Зауырбег).

Стадионы трибунæты цы мингай футболуарзджытæ уыди, уыдон æмхъæлæсæй разæнгард кодтой «Алани»-йы хъазджыты размæ бырсынмæ. Уыдон уырныдта, сæ уарзон командæ кæй фæуæлахиз уыдзæн, йæхи стадионы хъазгæйæ, æмæ йæ иузæрдион фарсхæцджытæн уымæй хорз лæвар кæй скæндзысты. Æвæццæгæн, уыцы зондимæ рацыдысты хъазæн фæзмæ, фæлæ та сæ архайд уæлахизхæссæг нæ рауад. Хъазты фыццаг æмбис (тайм) сæрæндæр уыдисты уазджытæ. Уыдон сарæзтой зынгæ фылдæр бырстытæ æмæ 3-4 хатты хæстæг уыдисты хыгъд байтом кæнынмæ. Алайнæгтæ дæр архайдтой размæ цæуыныл, фæлæ сæ ныббырстытæн нæ фаг кодта цыргъ уавæртæ саразын. Фыццаг тайм ахицæн 0:0 хыгъдæй, æмæ «Алани»-йы фарсхæцджытæ сæ зæрдæ дардтой, сæ фæллад суадзыны фæстæ нæ футболисттæ сæ архайд кæй фæхуыздæр кæндзысты, ууыл.

Æцæгæйдæр, дыккаг таймы алайнæгтæ сæ размæцыд фæхуыздæр кодтой æмæ сарæзтой къорд размæбырсты. Уазджытæ ахæм уавæрмæ сæхи цæттæйæ равдыстой æмæ сæ иварон фæзмæ бацæуæнтæ тынг къæрцхъусæй хъахъхъæдтой алайнæгты ныббырстытæй. Уый нæ, фæлæ ма, сæхæдæг дæр цы цалдæр æвиппайды ныббырсты сарæзтой, уыдонæй иуы, хъазты кæронмæ хæстæг, чысыл ма бахъæуа, гол фæцæйкъуырой. Ацы уавæрты йæ дуар фыдбылызæй бахъахъхъæдта дуаргæс Биазырты Давид, æмæ фембæлд ахицæн 0:0 хыгъдæй. Нæ командæйы фарсхæцæг, футболуарзджытæн, кæй зæгъын æй хъæуы, æхсызгон нæ уыди, сæ уарзон командæ та йæхи фæзыл дæр æрмæстдæр хæрæгсаст кæй фæци, уый. Бирæтæ дзы дзырдтой, зæгъгæ, нын нæ фаг кæны Махач Абдулхамидовы хуызæн рæстдзæвинтæ æмæ хъазты цыд цыргъдæр чи аразы, ахæм иу цалдæр хъазæджы. Раст зæгъгæйæ, нæ абоны командæйы ис цалдæр хæрз æрыгон суинаг лæппуйы, æмæ, уыдонимæ раст куыст куы цæуа, уæд та нæм, æнæмæнг, фæзындзысты хъæугæ дæсны футболисттæ.

| Командæтæ | Хъ | Р | Æ | Х | П | О |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. Родина-2 | 8 | 5 | 2 | 1 | 15-6 | 17 |
| 2. Динамо Кр | 8 | 4 | 2 | 2 | 7-6 | 14 |
| **3.** Динамо-Брянск | 8 | 3 | 3 | 2 | 8-11 | 12 |
| 4. Динамо-Владивосток | 8 | 3 | 2 | 3 | 6-6 | 11 |
| 5. Машук-КМВ | 8 | 2 | 5 | 1 | 7-5 | 11 |
| **6. Алани** | **8** | **2** | **4** | **2** | **10-6** | **10** |
| 7. Сибирь | 8 | 2 | 2 | 4 | 9-13 | 8 |
| 8. Волгарь | 8 | 1 | 5 | 2 | 7-8 | 8 |
| 9. Сокол (Саратов) | 8 | 1 | 4 | 3 | 8-13 | 7 |
| 10. Калуга | 8 | 0 | 5 | 3 | 4-7 | 5 |

«Алани» йæ иннæ радон фембæлд акæндзæн 12 сентябры уазæгуаты Новосибирскы «Сибирь»-имæ. 8-æм туры фембæлдтытæ ахицæн сты ахæм хыгъдтимæ: «Волгарь» – «Калуга» – 1:1, «Динамо» (Киров) – «Родина-2» – 3:2, «Машук-КМВ» – «Сибирь» – 3:1, «Сокол» – «Динамо» (Брянск) – 2:2, «Алани» – «Динамо» (Владивосток) – 0:0.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Фæндаггон фæтк

# ОСАГО-йы полисы пайда

**Граждайнаг бæрнондзинад фæдзæхсын кæй хъæуы, уый хæдтулгæскъæрджыты зæрдыл лæууын кæны паддзахадон автоинспекци.**

2002 азы 25 апрелы фидаргонд №40 «Транспортон фæрæзты хицæутты граждайнаг бæрнондзинад æнæмæнг фæдзæхсыны тæххæй» федералон закъонмæ гæсгæ, Уæрæсейы Федерацийы территоритыл æппæт хæдтулгæскъæрджыты хæс у ОСАГО-йы полис сæхимæ дарын. Хæдтулгæскъæрæгмæ фæдзæхстадон полис кæй нæй, уый нымад у закъонæвæрынады фехæлдыл канд уый нæ, фæлæ ма ацы æууæл хæдтулгæскъæрæгæн йæхицæн æмæ фæндагыл цыды иннæ архайджытæн дæр расайы стыр финансон фæстиуджытæ.



Æнæ цæттæгонд полисæй транспортон фæрæз скъæрыны тыххæй Уæрæсейы Федерацийы «Административон барадхæлдтыты тыххæй» кодексы 12.37-æм статьяйы дыккаг хаймæ гæсгæ, адæймагæй бадомдзысты административон бæрнондзинад. Закъон фыццаг хатт фехалыны тыххæй адæймаджы фæивар кæндзысты 800 сомæй. Афæдзы дæргъы закъон дыккаг хатт хæлд кæд æрцæуа, уæд ивары бæрц 3000-5000 сомы онг фæфылдæр уыдзæн.

Фæндаггон-транспортон фыдбылыз кæд æрцæуа, уæд фæдзæхстадон фиддонтæ райсынæн фæндагыл цыды дыууæ архайæджы хæс у архайæг ОСАГО-йы полис дарын.

Фыдбылыз кæд æрцæуа, уæд дын дæ зианы аргъ фыдбылызы 'рцыдæй аххосджын адæймаджы нæ, фæлæ, фæдзæхстадон компанийы хардзæй кæй бафиддзысты, ОСАГО-йы полис дарыны æууæл ууыл дзурæг кæй у, уый уæ рох ма уæд. Аххосджын хæдтулгæскъæрæгмæ цæлцæггæнæн куыстытæ баххæст кæнынæн æхца ис æви нæй, дæ уавæр уымæй аразгæ кæй нæу, амынд æууæл ууыл дзурæг у – фæдзæхстадон компанийы хæс у закъоны фидаргонд гæрæнтæм гæсгæ компенсаци дын бафидын. Полис дæ исбонадон интерестæ хъахъхъæны. Полис банымайæн ис фæндагыл æдасдзинады финансон базыл.

Паддзахадон автоинспекци æппæт хъæдтулгæскъæрджытæн фæдзæхсы фæдзæхстады хъуыддаг бæрнонæй æххæст кæнын, полистæ афоныл цæттæ кæнын, стæй бадзырды æууæлтæ биноныг рахатын. Амынд уагæй архайæг адæймаджы исбонон интерестæ хъахъхъæд æрцæудзысты, стæй фæндагыл æрцæуæг æнæнхъæлæджы уавæрты заман фæдзæхстадон фиддонтæ райсынæн æмбæлгæ биндуртæ фæзындзысты.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады паддзахадон автоинспекцийы пресс-службæ**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**




**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

**Оказываю услуги электрика качественно, надежно. Все виды работ с гарантией. Выезд и консультация бесплатно. Тел.: 8-918-702-00-82 (Казбек).**

**Металлоизделия: ворота, двери, навесы из лексана, металлоконструкции любой сложности. Тел.: 8-928-928-88-24.**



**Выполняем ремонтные работы: шпаклевка, обои, карнизы, откосы, покраска, ламинат. Тел.: 8-989-039-78-89 (Казбек).**

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Кладка каминов, мангалов, отопительно-жаровочных комплексов, осетинских печей под газ и под дрова. Гарантия работы – 30 лет. Работают профессионалы. Тел.: 8-988-830-81-12 (Ирбек); 8-928-484-24-58 (Хамиц).**

**Продаем лучшее удобрение для земли – конский перегной, в мешках. Доставка. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**

**Покраска ворот компрессором, не снимая ворот. Тел.: 8-918-706-65-15 (Казбек).**



Номыры радхæссæг редактор — **Хуыбиаты Ларисæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ.**


Нæ медицинон къуым

# Адджын гагадыргъ – харбыз

**Гагадыргътæн сæ тæккæ стырдæр у харбыз, æмæ у адджын, стæй пайда. Куыд иннæ гагадыргъты, афтæ харбызы дæр ис пайдахæссæг буаргъæдтæ – оксиданттæ.**



## Йæ пайда – иммунитетæн

Оксиданттæ ахъаз сты иммунитетæн, хорз сты цæстытæн, стæй, онкологион низтæ цæмæй ма фæзыной, уымæн. Уыцы буаргъæд сыгъдæг кæны уыргтæ, адæймагæн дзы йæ царды дæргъы цы зианхæссæг буаргъæдтæ бамбырд вæййы, уыдонæй, стæй ма дуртæ дæр æддæмæ тæры, æмæ афтæмæй сыгъдæг кæны организм. Харбыз организмæй дон æддæмæ кæй тæры, уый фæрцы адæймагæн йæ уæзæй ахауы уæлдай килограммтæ. Уымæй уæлдай, харбыз сæтты адæймаджы стонг.

Харбызы ма ис æндæр пайдахæссæг буаргъæд – магний. Уый фæрцы организм йæхимæ хуыздæр айсы, нервыты системæйæн æмæ хæцъæфты куыстæн ахъаз чи у, уыцы витаминтæ æмæ минералтæ.

Харбыз адæймагæн сæтты йæ дойны. Нæй дзы, организм йæхимæ зынтæй кæй айсы, ахæм сæкæртæ, уымæ гæсгæ сæкæрнизæй рынчынтæн дæр харбыз хæрын у пайда, æрмæст æмбæлгæ бæрцæй. Уæвгæ, бæрц зонын хъæуы алкæддæр, уымæн æмæ харбызæн йæ бирæ халы тъæнгты куыст, æмæ дзы адæймаг фæриссы.

## Цæмæй тæссаг у харбыз?

Харбыз цæмæй тагъддæр срæгъæд уа, уый тыххæй йын «дарынц» алыхуызон хъацæнтæ, уыдон фылдæр сты нитраттæ (натрий, аммоний, кальций æмæ калийы нитраттæ). Сæхæдæг сæхи 'гъдауæй уыдон афтæ маргхъæстæ не сты, фæлæ, ахсæнмæ æмæ тъæнгтæм куы бахæццæ вæййынц, уæд сæ рауайы, онкологион низтæ расайын сæ бон кæмæн у, ахæм зианхæссæг нитриттæ. Æгæр куы алæууы, уæд нитраттæй нитриттæ рауайы харбызæн йæхи мидæг дæр. Нитриттæ халынц туджы зилдух, уый фæбæрæг вæййы гемоглобиныл. Гемоглобины ныллæг бæрæггæнæн та расайы гипоксия, ома туаггуырæй организм æххормаг æййафын райдайы. Ахæм уавæр уæлдай тæссагдæр у сывæллæттæн, стæй, зæрдæ æмæ дадзинты низтæй, улæфæнты низтæй æмæ, организмæй дон æддæмæ чи тæры, уыцы системæйы низтæй рынчынтæн.

## Адæймаг харбызæй маргхъæстæ кæй фæци, уый бæрæггæнæнтæ

Адæймаг харбызæй маргхъæстæ кæй фæци, уымæн йæ бæрæггæнæнтæ фæзынынц, харбыз цы бон бахордта, уымæй иу-дыууæ боны фæстæ. Буары тæвд сбæрзонд вæййы, адæймаг æрлæмæгъ вæййы, сæр риссы, зæрдæ хæццæ кæны, тъæнгты куыст фехæлы, адæймаг омын байдайы.

## Харбыз хæрæн кæмæн нæй?

Харбыз цыфæнды хорз уавæрты куы срæгъæд уа, цыфæнды хæрззылд æмæ цыфæнды адджын æмæ пайда куы уа, уæддæр дзы нæй хæрæн:

– цавæрдæр аххосæгтæм гæсгæ йæ доныхуыпп æддæмæ зынтæй кæмæн цæуы, уыдонæн;

– гуыбыннизæй рынчынтæн æмæ, ставд тъанджы низ – колит кæмæ ис, уыдонæн;

– сæ уыргты ставд дуртæ кæмæн ис, уыдонæн, уымæн æмæ, уæлдæр куыд загътам, афтæмæй, харбыз организмæй æддæмæ тæры дон, æмæ уый аххосæй дуртæ сæ бынатæй фезмæлынц.

## Харбыз раст куыд хæрын хъæуы?

Йæ æркæрдыны размæ йæ хъæуы ныхсын хъарм дон æмæ сапонæй. Харбызæн карстæй бирæ дарæн нæй, æппынфылдæр – иу суткæ уазалгæнæны. Йæ фæлмæнтæ кæрдгæйæ, цъарыл хъуамæ баззайа иу-æртæ сантиметры бæрц. Сывæллæттæн дæтгæ у, астæумæ хæстæгдæр чи уа, харбызы уыцы хай.

Афтæмæй, уæхи хъахъхъæнут æмæ æнæниз ут!

**Медицинон профилактикæйы республикон центр**


"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2530. Заказ № 980. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**